

Enfòmasyon kontak

Pwogram Rezidansyèl

Sant sètifye kont vyolans domestik (Chèltè)

Pwogram Safespace (espas sekirite)

Safespace Central
Safespace-Empowerment Center
Safespace North
Safespace South

Liy Dirèk Miami-Dade pou Ka Vyolans Domestik

(305) 679-0303

Inn Transition

(786) 293-3394

Liy dirèk Florid pou ka vyolans domestik

1(800) 500-1119



Pwogram Non-Rezidansyèl

**Sant Asistans Kowòdone pou Viktim (CVAC)
Inite Lit Kont Trafik Moun (HTU)
Pwojè Enjonksyon pou Pwoteksyon (IFP)
Komite Fòmasyon ak Edikasyonf (TEC)
Pwogram Volontè**

2400 South Dixie Highway
Miami, Florida 33133
(305) 285-5900

Inite Sansibilizasyon kont Vyolans Domestik Pwojè Militans nan Tribinal (CAP)

11 E 6th Street, Room 105
Hialeah, Florida 33010
(305) 520-4031

Joseph Caleb Center

5400 NW 22nd Avenue
Miami, FL 33142
(305) 636-2415

Lawson E. Thomas Courthouse Center

175 NW 1st Avenue, Mezzanine Floor
Miami, FL 33128
(305) 349-5813

North Dade Justice Center

15555 Biscayne Boulevard, Suite 112
North Miami Beach, Florida 33160
(305) 354-8728

South Dade Government Center

10710 SW 211th Street, Room 1100
Miami, Florida 33189
(305) 252-5807



*Eskane la a
pou plis
enfòmasyon.*

Miami-Dade County Depatman Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal

701 NW 1st Court, 10th Floor, Miami, FL 33136
786-469-4730 or Call 311 miamidade.gov/SocialServices

Facebook icon @CAHSDconnect #CAHSDconnect

Pou w enfòmasyon sa yo nan yon fòma aksesib, tanpri rele Patricia Thomas nan (786) 469-4740.

DEPATMAN AKSYON KOMINOTÈ AK SÈVIS SOSYAL (CAHSD)

Konekte Konte Miami-Dade avèk sèvis sipò pou ede ou pwospere.


DIVIZYON PREVANSYON VYOLANS AK ENTÈVANSYON (VPID)



Viktim vyolans domestik ak depandan yo kapab jwenn èd nan kesyon sèvis konsèy, sèvis entèvansyon bonè, pwoteksyon ak ranfòsman kapasite nan youn nan kote sa yo:

- Kat sant sètifye pou afè vyolans domestik (Chèltè)
- De pwogram lojman tranzisyon
- Yon sant asistans kowòdone pou viktim

Genyen asistans non-rezidansyèl ak rezidansyèl ki disponib



Pwogram Non-Rezidansyèl

Pwogram non-rezidansyèl CAHSD yo ofri asistans ak sèvis kowòdone avèk patnè kominotè ak lòt ajans.

Sant Asistans Kowòdone pou Viktim (CVAC)

CVAC a se yon sant non-rezidansyèl ki founi tout sèvis pou viktim vyolans domestik, agresyon seksyèl, vyolans mennaj ak trafik moun. CVAC a founi sèvis kowòdone sou plas avèk patnè kominotè, òganizasyon relijye, inivèsite, ajans byenfezans ak lòt ajans gouvènmantal.

Rele oswa vizite biwo Asistans Kowòdone pou Viktim yo. Yon evalyasyon va fèt pou detèmine elijibilite pou sèvis ki disponib, pami yo genyen:

- Enfòmasyon ak referans pou sesyon konsèy
- Chèltè sekirite
- Transpò
- Asistans finansyè dijans
- Manje ak rad nan ka ijans
- Sipò militans
- Tretman endividyèl ak konsèy familyalan gwoup

Inite Sansibilizasyon kont Vyolans Domestik (DVOU)/Pwojè Militans nan Tribinal (CAP)

Pwogram DVOU/CAP la se yon pwogram ki baze nan tribinal ki ofri asistans enjonksyon pou pwoteksyon ak reprezantasyon, militans ak sipò, asistans finansyè dijans, konsèy nan ka kriz ak lòt sèvis.

Inite Lit Kont Trafik Moun (HTU)

Pwogram HTU a founi sèvis kowòdone pou viktim trafik moun.

Pwojè Enjonksyon pou Pwoteksyon (IFP)

Pwojè IFP a ofri konsiltasyon ak/oswa reprezantasyon legal pou viktim vyolans domestik, vyolans seksyèl, vyolans mennaj ak asèlman nan pwosesis lè yon moun ap chèche sekou nan enjonksyon.

Komite Fòmasyon ak Edikasyon (TEC)

TEC ofri sesyon prezantasyon edikatif ak sesyon fòmasyon atravè tout Konte Miami-Dade an twa lang (panyòl, kreyòl ak anglè).

Pwogram Volontè

Pwogram Volontè a chèche patisipasyon moun ki devwe pou ede viktim krim gras a VPID a.

Pwogram Rezidansyèl

Pwogram rezidansyèl CAHSD yo ofri chèltè dijans ak opsyon lojman tranzisyon pou viktim ak depandan yo, epi yo founi yon varyete sèvis sipò, tankou:

- Konsèy nan ka kriz
- Militans ak sipò
- Asistans nan relokalizasyon
- Asistans finansyè dijans
- Referans
- Transpò
- Ak plis toujou

Pwogram Inn Transition

Pwogram Inn Transition nan founi lojman tranzisyon tanporè pou fanm ki viktim vyolans domestik. Kliyan elijb dwe gen 18 an oswa plis, yo dwe genyen omwen yon depandan ak yon sous revni.

Chèltè Safespace

Safespace se yon chèltè tanporè pou viktim vyolans domestik, agresyon seksyèl ak trafik moun.

Pwogram Asistans Lojman pou Viktim (VHAP)

Pwogram Asistans Lojman pou Viktim nan (VHAP) se yon pwogram rezidansyèl ki founi opòtinite pou viktim vyolans domestik ak moun ki sou kont yo.